



Pou Piblikasyon Imedya: 28/09/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSMAN KONSTRIKSYON YON PWOJÈ  
TRETMAN DLO IZE KI KOUTE 11 MILYON DOLA NAN VILAJ WADDINGTON,  
KONTE ST. LAWRENCE**

***Ranplasman enfracstrikti ansyen an pral pwoteje sante piblik la ak diminye enpak  
inondasyon alavni***

***Nan Kad Inisyativ Rezilyans ak Devlopman Ekonomik 300 milyon dola Eta New  
York la***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a kòmansman konstriksyon yon pwojè amelyorasyon enstalasyon koleksyon ak tretman dlo ize ki koute 11 milyon dola yo te akòde bay Vilaj Waddington, Konte St. Lawrence, atravè Inisyativ Rezilyans ak Devlopman Ekonomik (Resiliency and Economic Development Initiative, REDI) Eta a. Se Vilaj Waddington ki posede ak jere sistèm koleksyon ak izin tretman dlo ize a.

"An 2019, inondasyon istorik sou Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence lan te detwi enfracstrikti ak ekonomi kominote yo nan rejyon an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Kounye a, atravè pwogram REDI a, kominote bò rivaj yo tankou Vilaj Waddington ap itilize apwòch vizyonè pou rekonstwi pi byen avèk rezistans klimatik nan lespri yo. Nan amelyore ak ranfòse enfracstrikti rediksyon inondasyon atravè investisman tankou pwojè enstalasyon ak tretman dlo ize ki koute 11 milyon dola a ke yo te anonse jodi a, nou p ap non sèlman pwoteje rezidan yo ak pwopriyete a, men tou n ap pwoteje endistri touris enpòtan vilaj la ak amelyore kalite lavi pou jenerasyon alavni yo".

Akòz pwoksimite li ak Rivyè St. Lawrence lan, enfracstrikti tretman dlo ize a sibi enpak negatif nivo dlo wo ak inondasyon, sa ki kreye pwoblèm enfiltrasyon ak antre dlo ki vin pi grav akòz mank egou dlo lapli nan Vilaj Waddington. Pwojè a pral mete enfracstrikti ansyen sa a an konfòmite avèk estanda aktyèl yo, pwoteje sante piblik ak ankouraje kwasans ekonomik potansyèl. Anplis de sa, pwojè a pral aplike mezi rezistans alimantè ki fèt pou redui enpak dlo ki wo alavni.

Mezi rezistans yo pou pwojè sa a gen ladan:

1. Ranplasman sistèm koleksyon prensipal egou an twil ajil yo ki san revètman ak obsolèt avèk nouvo konduit ak bouch egou pou redui enfiltrasyon ak antre dlo souteren ki asosye avèk nivo dlo ki wo;
2. Konstriksyon nouvo egou dlo lapli ak basen kaptaj nan dimansyon apwopriye pou achemine kouran dlo ak antre dlo ki soti nan ponp pwi yo, drenaj sou twati ak drenaj zòn, pou redui ekoulman dlo lapli endezirab yo nan sistèm sanità a;
3. Tout sèt estasyon ponp yo atravè sistèm koleksyon an pral resevwa ranplasman ponp ak kontwòl, nouvo mèl, nouvo alam ak nouvo fenèt, pòt ak twati;
4. Estasyon ponp prensipal la nan sistèm koleksyon an pral gen ladan yon nouvo jeneratè ijans pèmanan avèk bouton transfè otomatik; epi
5. Amelyorasyon yo nan izin tretman an gen ladan ranplasman oswa reparasyon enfraskriti ansyen ki te fèt pou pwoteje pwosesis tretman an kont inondasyon.

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònman Eta New York la ak Ko-Prezidan Komisyon REDI a, Basil Seggos, te deklare,** "Varyasyon ki ogmante nan nivo dlo yo sou Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence te menase enfrastrikti enpòtan, patikilyèman enstalasyon izin tretman yo nan kominote yo bò rivaj la. Atravè Inisyativ Rezilyans ak Devlopman Ekonomik la, ajans Eta New York yo ap travay ansanm avèk kominote yo pou idantifye, reyimajine, ak rebati resous ki gen risk yo. Atravè investisman sa yo, Eta New York ap ranfòse ekonomi lokal yo, pwoteje sante piblik la, amelyore abita ak pwoteje enfrastrikti vital la. DEC fyè pou li travay avèk Vilaj Waddington pou fè avanse pwojè ki ede nan preparasyon kominote sa a pou inondasyon alavni".

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Kòporasyon Etablisman Anviwònmanal Eta New York a, Maureen A. Coleman, te deklare,** "Anons jodi a se yon temwayaj sou angajman Gouvènè Hochul pran pou bay solisyon reyèl ki pozisyon kominote bò rivaj yo pou kwasans, pwosperite, ak rezilyans nan fè fas a chanjman klimatik ak move tan. EFC kontan travay avèk patnè eta nou yo pou l bay Vilaj Waddington yon sibvansyon 11 milyon dola pou fè pwojè enpòtan sa a dewoule".

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Pwovizwa Otorite Enèji New York la ak Komisè REDI Konte St. Lawrence, Justin E. Driscoll, te deklare,** "Otorite Enèji a fyè anpil de travay Komisyon REDI New York la te antreprann sou pwojè enfrastrikti enpòtan yo ki gen ladan izin tretman dlo ize nan Waddington. Amenajman izin sa a se yon premye egzanp Eta New York k ap fè investisman estratejik pou ede kominote lokal yo pwoteje sante piblik ak pwoteje resous kominotè enpòtan yo kont enpak chanjman klimatik yo".

**Senatè Eta a, Patty Ritchie, te deklare,** "Mwen kontan wè travay yo lanse nan kad efò sa a pou amelyore enstalasyon koleksyon ak tretman dlo ize Vilaj Waddington yo. Atravè pwojè sa a, non sèlman yo pral pwoteje enfrastrikti a avèk plis sekirite kont eleman yo, li pral amelyore tou nan yon fason ki pi byen pwoteje sante piblik. Anplis de sa, nou tout konnen enfrastrikti solid, serye se kle nan aktivite ekonomik ak kalite amelyorasyon sa yo pral ede ankouraje devlopman nan zòn nan".

**Manm Asanble, Mark Walczyk, te deklare,** "Pwojè enfrastrikti dlo ize ak dlo egou sa a te pran yon bon bout tan pou l fèt nan Waddington epi li pa ta posib san sipò eta a".

**Prezidan Konte St. Lawrence, William Sheridan, te deklare,** "Dènnye Pwojè REDI sou Rivyè St. Lawrence lan se Tretman Dlo Ize ak Izin Koleksyon Dlo Lapli nan Waddington. Se yon pwojè enfrastrikti enpòtan ki pral amelyore dirabilite yon kominote k ap grandi. Zòn sa a bò rivyè a pral benefisye anpil 11 milyon dola nan amelyorasyon yo pou Izin yo ki sitiye bò kote youn nan premye kò dlo nan Konte a. Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou sipò kontinyèl li nan Inisyativ REDI yo ke anpil kominote benefisye pandan y ap rekipere apre domaj yo epi prepare yo pou lavni".

**Majistra Vilaj Waddington, Mike Zagrobelny, te deklare,** "Antanke majistra Vilaj Waddington, mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul ak Komisyon REDI a pou èd esansyèl nan sekirize enfrastrikti Waddington pou jenerasyon k ap vini yo. Angajman Eta a pèmèt Vilaj la kontinye avèk Faz I Sistèm Tretman ak Koleksyon Dlo Ize Waddington lan, ak amelyorasyon yo nan sistèm koleksyon dlo lapli a. Pifò nan sistèm nan gen prèske 100 ane epi li pral fè Waddington vin pi rezistan nan chanjman nan nivo dlo nan Rivyè St. Lawrence pandan l ap konsève balans delika ant enfrastrikti vilaj la ak abita natirèl. Mwen rekonesan patikilyèman anvè manm Komisyon Konsèy Vilaj pase ak prezan yo, anplwaye vilaj la, kontraktè lokal yo, ak ajans Eta New York yo paske yo te ede fè pwojè sa a tounen yon reyalite".

Nan repons ak chema inondasyon pwolonje nan tout bò rivaj Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence yo, Eta New York te kreye REDI a pou ogmante rezistans kominote sou rivaj yo epi estimile devlopman ekonomik nan rejyon an. Yo te etabli senk (5) Komite Planifikasyon Rejyonal (Regional Planning Committees) REDI yo, ki gen reprezantan ki soti nan uit (8) Konte (Niagara ak Orleans, Monroe, Wayne, Cayuga ak Oswego, ak Jefferson ak St. Lawrence) pou idantifye priyorite lokal yo, enfrastrikti ki gen risk ak lòt resous yo, ak enkyetid konsènan sekirite piblik la. Atravè REDI a, Eta a te angaje jiska 300 milyon dola a pou benefisye kominote yo ak amelyore rezilyans nan rejyon ki gen tandans sibi inondasyon bò Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence yo.

Depi kreyasyon pwogram REDI Eta a nan sezon Prentan 2019 la, 134 pwojè lokal ak rejyonal REDI finanse yo kòmanse, sa ki gen ladan 51 pwojè nan faz konsepsyon, 40 pwojè nan faz konstriksyon ak 43 pwojè ki fini.

Pou w jwenn plis enfòmasyon, pwofil pwojè yo ak nouvèl sou REDI klike [isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418